

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina *khazanah* sastra Sunda, aya sababaraha karya sastra hasil tarjamahan tina basa lian. Di antarana nya éta novél *Parawan di Jalan Sepi* karya Sir Arthur Conan Doyle nu disundakeun ku Bratakusuma tina basa Inggris anu judul aslina *The Return of Sherlock Holmes; The Solitary Cyclist*, atawa lamun dina basa Indonésia mah *Gadis Pengendara Sepeda*. Salian ti éta, aya deui novél *Béntang Acéh* karya H.M. Zainuddin nu disundakeun ku Moh. Ambri kana basa Sunda. Dina rénsénsi bukuna, disebutkeun yén bisa jadi hiji-hijina karya sastra ti Acéh nu ditarjamahkeun kana basa Sunda kalawan judul aslina nya éta *Djeumpa Atjeh*. Ari Moh Ambri téh salah saurang sastrawan Sunda nu nyongcolang, salah sahiji karyana nya éta *Lain Éta*. Dua novél éta téh miboga konflik atawa pasualan anu ampir sarua, anu upama dipaluruh deui ngagunakeun sastra bandingan mah bakal kanyahoan naon baé sasaruana jeung bébédaanana.

Sastra bandingan téh nyaéta hiji métode pikeun ngalegaan pamarekan sastra, henteu ngan ukur dumasar bangsa jeung nagara (Damono dina Ruhaliah, 2015, kc. 4). Ahli séjén nyebutkeun yén sastra bandingan mah leuwih museur kana interaksi jeung *kemiripan* di antara dua sastra nasional atawa leuwih (Jost dina Susanto, 2016, kc. 30). Saterusna istilah sastra bandingan téh nyaéta studi hubungan dua kasusastraan atawa leuwih (Wellek & Warren, 2014, kc. 46). Ku kituna ulikan sastra bandingan mah bakal leuwih euyeub ku sabab bahan panalungtikanana leuwih ti hiji karya. Sakumaha nurutkeun Endraswara (dina Karlingga, 2015, kc. 2) yén panalungtikan sastra bandingan mah nya éta panalungtikan nu moal pikaboseneun ku sabab loba hal nu bisa diulik.

Sastra minangka hasil atawa gambaran tina kahirupan masarakat bisa dipatalikeun jeung kumaha kabudayaan sarta kasang tukang séjénna dina mangsa éta karya ditulis. Sastra bisa dianalisis ngaliwatan ngabedah eusi carita tur matalikeun jeung unsur-unsur di saluareun karya sastra anu rambat kamaléna nya éta kana kasang tukang pangarang dina nulis karya sastra. Saterusna, nurutkeun

**Witri Gustiani, 2018**

**BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.**

**ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Koswara (2013, kc. 10), sastra anu ditulis dina kurun waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma-norma sarta adat-istiadat nu tumuwuh dina éta jaman. Tuluy nurutkeun Endraswara (2016, kc. 5), antara corak budaya jeung sastra téh ditangtukeun ku pola hirup jeung karakteristik wilayah anu béda.

Sastra bandingan sacara basajan miboga sababaraha fungsi pikeun kahirupan sastra, di antarana:

1. pikeun mantuan prosés kréatif pangarang;
2. mantuan para ahli sastra dina nyusun sajarah sastra, ogé sangkan taya plagiarisme;
3. pikeun maluruh orisinalitas hiji karya sastra; jeung
4. pikeun ngaronjatkeun kréativitas pangarang dina ngahasilkeun karya (Endraswara, 2014, kc. 105-106).

Salah sahiji karya sastra nu bisa dibandingkeun téh nya éta novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin. Dua novél ieu asalna ti dua wewengkon anu béda di Indonésia, nya éta tatar Sunda jeung Acéh. Dua wewengkon anu béda pulo tur béda kabudayaan ieu téh ditulis dina kurun waktu nu teu pati jauh. Novél *Lain Éta* medal munggaran taun 1934 ku penerbit Balé Pustaka. Kungsi ogé medal ku Rahmat Cijulang, ari anu dijadikeun bahan panalungtikan mah nya éta nu medal ti Kiblat Buku Utama taun 2011. Dina panganteurna, Muhtadin (Ambri, 2011, kc. 5) nyebutkeun yén dina sajarah kasusastran Sunda, ieu novél téh diajén mangrupa salah sahiji novél anu nyongcolang, nu mingkin ngukuhkeun Moh. Ambri minangka maéstro di pakalangan sastra Sunda. Moh. Ambri téh kungsi narjamahkeun novél *Djeumpa Atjeh* kana basa Sunda nu bukuna diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama bulan Oktober taun 2014 dina judul *Béntang Acéh*. Ari novél *Djeumpa Atjeh*-na mah medal munggaran ku Balai Pustaka dina taun 1926. Can kapaluruh katerangan iraha persisna Moh. Ambri nerjemahkeun *Djeumpa Atjeh* kana basa Sunda nu judulna dirobah jadi *Béntang Aceh*. Tapi nu jadi bahan panalungtikan mah nya éta novél *Djeumpa Atjeh* anu medal anyar taun 1958 ku penerbit Sultan Iskandar Muda, Médan.

Hasil panalungtikan sastra bandingan, dipiharep bisa kapaluruh naon baé sasaruuan jeung bébédaan tina ieu dua novél téh. Sakumaha nurutkeun Dwi Susanto (2016, kc. 30), ku sastra bandingan mah kajian sasaruuan jeung pangaruh atawa resépsi téh (hubungan kontak kabudayaan) beuki dilegaan. Faktor naon baé nu ngalantarankeun dua karya sastra ieu ditulis, nu raket patalina jeung kaayaan jaman harita di daérah Sunda ogé Acéh, hususna di nagara Indonésia. Benedecto Crose (dina Karlingga, 2015, kc. 5), nyebutkeun yén komparatif atawa babandingan téh kajian nu mangrupa éksplorasi parobahan (*vicissitude*), pergantian (*alternation*), pengembangan (*development*), jeung bébédaan timbal balik antara dua karya atawa leuwih.

Dina novél, aya nu disebut alur peristiwa kausal. Peristiwa kausal téh nyaéta peristiwa atawa kajadian nu ngabalukarkeun atawa miboga dampak anu panjang jeung mangaruhan kana eusi carita (Stanton, 2012, kc. 26). Ari anu disebut novél téa bisa némbongkeun kamekaran hiji karakterna, kaayaan sosial anu rumit, hubungan nu patalina jeung sababaraha karakter, jeung kajadian-kajadian anu aya dina taun-taun nu geus kaliwat kalayan detail (Stanton, 2012, kc. 90). Bisa waé éta kajadian téh teu pira, ngan balukarna kana eusi carita bisa parat nepi ka tamatna. Peristiwa kausal gé teu kawatesan kana hal-hal nu sipatna fisik baé, tapi ogé bisa kana robahna kabiasaan-kabiasaan, pamadegan hirup, jrrd (Stanton, 2012, kc. 26).

Ulikan nu bakal dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta ulikan struktural jeung étnopédagogik. Analisis struktural miboga tujuan pikeun ngabongkar jeung nétélakeun kalayan taliti sarta nyosok jero kana hal-hal nu raket patalina jeung ayana hubungan-hubungan tina unsur-unsur karya sastra (Teeuw, 2015, kc. 106). Sedengkeun anu disebut étnopédagogik, nya éta prakték atikan anu dadasarna kana *kearifan lokal*, ogé ajén-ajén étnis anu jadi standar laku lampah (Rustaman dina Albaiti, 14, 2015).

Nurutkeun Muslich (dina Koswara, 2013, kc. 4), aya salapan pilar pendidikan karakter, nya éta: *cinta pada Tuhan dan segenap ciptaan-Nya, mandiri dan bertanggungjawab, jujur atau amanah dan bijaksana, hormat dan santun, dermawan, suka menolong dan gotong royong, percaya diri, kreatif dan bekerja*

*keras, berkepemimpinan dan adil, baik dan rendah hati, serta toleransi, damai, dan bersatu.* Hal-hal anu disebutkeun di luhur téh pikeun masarakat Sunda mah sabenerna geus aya, anu nurutkeun Warnaén spk. (dina Koswara, 2013, kc. 5) mah nya éta hirup bagja, aman, tingtrim ngahenang-ngahening, luhur darajat, ngeunah angeun ngeunah angen, jeung sampurna dunya ahérat. Salian ti éta, nurutkeun Kartadinata (dina Sudaryat, 2015, kc. 120) pendidikan tina budaya lokal téh (étnografis) penting pikeun dilaksanakeun.

Sakumaha nu disebutkeun di luhur, dua karya nu rék dibandingkeun téh asalna ti dua wewengkon anu béda sanajan masih sanagara. Ku kituna ku ngaliwatan ulikan struktural jeung étnopédagogik dipiharep bisa kalapuruh kumaha baé sasaruuan jeung bébédaan dua karya sastra éta tur kapaluruh ogé unsur-unsur étnopédagogikna.

Panalungtikan ngeunaan sastra bandingan can pati loba diulik, di antarana nya éta “Babandingan Dongéng Dalem Boncél, Malin Kundang, jeung Nini Kudampai pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Etnopédagogik)” nu ditalungtik ku Yogi Permadi taun 2017, jeung “Babandingan Plot jeung Penokohan dina Novél *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung Novél *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle (Ulikan Sastra Bandingan)” anu ditalungtik ku Résa Rangga Permana dina taun 2017. Sedengkeun ngeunaan ulikan struktural jeung ajén étnopédagogikna mah di antarana aya panalungtikan “Ulikan Struktural jeung Ajén Etnopédagogik dina Rumpaka Tembang Cianjuran Wanda Panambih Karya Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA” nu ditalungtik ku Noni Mulyani taun 2017.

Tina panalungtikan di luhur, can aya nu ngabandingkeun antara novél Sunda jeung novél ti Acéh, maké ulikan struktural sarta dipatalikeun jeung unsur-unsur étnopédagogik. Kitu deui can aya panalungtikan ngeunaan babandingan antara novél *Lain Éta* jeung *Djeumpa Atjeh*. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan téh dijudulan “Babandingan Novél *Lain Éta* Karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* Karya H.M. Zainuddin (Ulikan Struktural jeung Etnopédagogik)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kasang tukang di luhur, rumusan masalah tina ieu panalungtikan téh nya éta ieu di handap.

1. Kumaha struktur carita dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri?
2. Kumaha struktur carita dina novél *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin?
3. Kumaha babandingan struktur carita dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin?
4. Naon ajén étnopedagogik nu aya dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nambahan pangaweruh jeung kabeungharan dina paélmuan sastra Sunda utamana dina widang sastra bandingan. Salian ti éta pikeun nambahan panalungtikan sastra bandingan antara karya sastra Sunda jeung karya sastra di luar Sunda, anu dina ieu panalungtikan mah nya éta nu asalna ti Acéh. Leuwih umumna nya éta pikeun nambahan panalungtikan ngeunaan sastra daérah di Indonésia, anu kabudayaanana sakitu lobana.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh nya éta ieu di handap.

1. Pikeun ngadéskripsikeun struktur carita dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri
2. Pikeun ngadéskripsikeun struktur carita dina novél *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin
3. Pikeun maluruh babandingan struktur carita dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin
4. Pikeun maluruh naon baé ajén étnopédagogik nu aya dina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat teoritis**

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban paélmaan ngeunaan sastra, hususna sastra bandingan dina sastra Sunda. Salian ti éta pikeun ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan babandingan novél Sunda jeung daérah séjénna di Indonésia, ulikan struktural jeung étnopédagogik anu patali jeung karya sastra nu ditalungtik.

### **1.4.2 Manfaat tina segi kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan réferénsi ngeunaan panalungtikan sastra bandingan, sarta patalina jeung ulikan struktural jeung étnopédagogik.

### **1.4.3 Manfaat praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep ogé bisa méré mangpaat praktis, nya éta ieu di handap.

1. Pikeun panalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh tina ieu panalungtikan sarta nambahan wawasan jeung pangalaman.
2. Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra nusantara nu bisa dibandingkeun jeung karya sastra Sunda.
3. Pikeun mahasiswa/pelajar, jadi bahan pikeun panalungtikan saterusna, jadi bahan réferénsi.

### **1.4.4 Manfaat tina segi isu sarta aksi sosial**

Ku ayana babandingan novél antar daérah di Indonésia dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas karya sastra, ogé patalina jeung unsur-unsur étnopédagogik salaku pendidikan karakter ngaliwatan *kearifan lokal*.

## **1.5 Sistematika Tulisan**

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta ieu di handap.

1. Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan anu ngawengku rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

2. Bab II Ulikan Pustaka, medar ngeunaan tiori-tiori anu baris jadi tatapakan panalungtikan. Tiori-tiori anu dipedar di antarana ngeunaan sastra bandingan, novél, ulikan struktural, jeung ajén-ajén étnopédagogik. Salian ti éta, dina Bab II ogé dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir panalungtikan.
3. Bab III Metodologi Panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan anu dipaké, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung nganalisis data.
4. Bab IV Hasil jeung Pedaran, di antarana aya hasil jeung pedaran tina babandingan antara novél *Lain Éta* jeung *Djeumpa Atjeh*. Aya ogé analisis struktur, nya éta sagala rupa hal nu aya dina jero karya anu kudu dipesék kalayan taliti jeung sistematis. Kitu deui dina analisis unsur-unsur atawa ajén-ajén étnopédagogikna. Ajén-ajén éta téh bisa nu sacara umum, bisa ogé anu sacara husus dipaké atawa aya di daérah Sunda jeung Acéh.
5. Bab V Kacindekan jeung Saran, medar ngeunaan tafsiran ahir panalungtik tina panalungtikanana. Kacindekan mangrupa jawaban tina hasil rumusan masalah, sedengkeun saran minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.